

The University of the State of New York
REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION**ISTWA JENERAL
AK JEYOGRAFI****Vandredi**, 30 janvyè, 2009 — 9:15 a.m. a 12:15 p.m., sèlman

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Ekri non ou ak non lekòl ou nan liy anlè yo ak lèt enprime. Apre, ale nan dènye paj livrè sa a, se fèy repons pou Pati I an. Pliye dènye paj la sou pèforasyon yo e, dousman e ak atansyon, detache fèy repons lan. Apre sa ranpli tèt fèy repons ou an. Kounye a, mete non ou ak non lekòl ou nan tèt chak paj nan livrè pou redaksyon an.

Tès sa a gen twa pati. Fòk ou reponn **tout** kesyon nan tout pati yo. Itilize plim nwa osnon ble maren pou ekri repons ou yo.

Pati I genyen 50 kesyon ak chwa miltip. Enrejistre repons kesyon sa yo nan papye repons lan.

Pati II genyen yon kesyon redaksyon ki baze sou yon sijè. Ekri repons kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse ak paj 1.

Pati III baze sou plizyè dokiman:

Pati III A genyen dokiman yo. Chak dokiman gen youn ou plis kesyon apre li. Nan livrè tès la, ekri repons ou genyen pou chak kesyon sou liy ki apre kesyon an. Fòk ou si ke ou ekri non ou ak non lekòl ou sou premye paj seksyon sa a.

Pati III B genyen yon kesyon redasyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons ou pou kesyon sa a nan livrè redaksyon an, kòmanse nan paj 7.

Lè ou fini ak ekzamen an, fòk ou siyen deklarasyon ki nan fèy repons Pati I an, ki vle di ke ou pat gen okenn konesans kesyon oubyen repons yo anvan ekzamen an, epi ou pa ni bay ni pran poul pandan tès la. Yo pap ka aksepte fèy repons lan si ou pa siyen deklarasyon an.

Li sevèman entèdi pou ou itilize aparèy kominikasyon pandan ekzamen sa a. Si ou itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, ekzamen ou an pap valab ankò e ou pap resevwa nòt pou li.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA RESEVWA SIYAL LA POU OUVRI L.

Pati I

Reponn tout kesyon nan pati sa a.

Eksplikasyon (1–50): Pou chak deklarasyon oubyen kesyon, ekri sou fèy repons separe a *nimewo* mo oubyen ekspresyon, nan tout sa yo bay yo, ki pi byen konplete deklarasyon an oubyen reponn kesyon an.

- 1 Ki sijè ki santral nan etid ekonomi?
 - (1) swiv devlopman ak pwopagasyon maladi
 - (2) konprann sa ki lakoz konpetisyon etnik
 - (3) egzamine distribisyon ak itilizasyon resous limite
 - (4) etidye kwasans ak wòl pati politik yo
- 2 Ki karakteristik ki gen plis chans pou parèt sou yon kat fizik?
 - (1) dansite popilasyon
 - (2) modèl itilizasyon tè
 - (3) modèl klimatik
 - (4) chèn montay
- 3 Ki kote prèv akeyolojik Louis ak Mary Leakey te rasanble yo sijere premye imen yo te devlope?
 - (1) Vale Great Rift la
 - (2) Forè twopikal Amazon lan
 - (3) Montay Himalaya yo
 - (4) Achipèl Filipin lan
- 4 Yon rezilta dirèk Revolisyon Neyolitik la sèke moun
 - (1) te kòmanse ap viv nan koloni pèmanan
 - (2) te devlope yon mòd de vi nomadik
 - (3) te depann de lachas ak agrikilti
 - (4) te itilize wotasyon kilti pou ogmante ranman rekòlt yo
- 5 Ou ka pi byen defini agrikilti sibzistans kòm
 - (1) rekòlte yon kantite pwodwi en plis pou vann pou fè pwofit
 - (2) pwodwi jis ase manje pou yon fanmi ka siviv
 - (3) domestikè bèt pou yo transpòte machandiz
 - (4) wouze plant yo pou ogmante pwodiksyon
- 6 Ki pratik ki pi asosye avèk lafwa Islamik la?
 - (1) pa manje vyann lè vandredi
 - (2) priye senk fwa pa jou
 - (3) Swiv Eightfold Path la
 - (4) adore plizyè dye
- 7 Moun rekonèt Anpi Gupta a plis pou
 - (1) pwogrè li fè nan matematik ak lamedsin
 - (2) efò l pou reziste enperyalis Ewopeyen
 - (3) devlopman sistèm echanj
 - (4) konstriksyon Angkor Wat
- 8 Yon kokennchenn kontribisyon Anpi Byzantine lan se te
 - (1) envansyon wou ak poud pou kanon
 - (2) patisipasyon sitwayen yo nan gouvènman
 - (3) difizyon kwayans Endou
 - (4) prezèvasyon syans Grèk ak jeni Women
- 9 Ki sistèm politik chema ki anba a dekri pi byen?

I. _____

A. Yon gouvènman desantralize

B. Baze sou lwayote ak sèvis

C. Kòd chevalri

D. Elit militè

 - (1) Oligachi
 - (2) Absolutis
 - (3) Feyodalis
 - (4) Demokrasi
- 10 Ki yon rezilta dirèk Kwazad yo te bay?
 - (1) Komès te ogmante ant Ewòp ak Mwayen Oryan.
 - (2) Wayòm Islamik yo te elaji ann Ewòp.
 - (3) Arab yo ak Kreyen yo te divize vil Jerizalèm la ant yomenm.
 - (4) Alexandre Legran te vin yon dirijan pisan ann Erazi.

- 11 Ki deklarasyon konsènan gouvènman pandan peryòd Tokugawa o Japon ki pi egzat?
- (1) Pouvw a anperè a te absolè epi siprèm.
 - (2) Se peyi etranje yo ki te gen vrè pouvwa a.
 - (3) Vrè pouvwa a se te nan men shogun lan li te ye.
 - (4) Pouvw politik la se te nan men klas komèsan an li te ye.
- 12 Yon fason Wout Silk yo ak wout komès Afrik de Lwès yo sanble sèke bò toulè de wout yo
- (1) bagay prensipal yo te echanje se te ivwa ak tabak
 - (2) yo te itilize beton pou amelyore sifas wout yo
 - (3) yo te itilize yon sèl monnen pou rann tranzaksyon an pi fasil
 - (4) kèk echanj ide te fèt pandan komèsan yo t ap fè entèksyon youn ak lòt
- 13 Itilizasyon mo jeyografik *Pwòch Oryan* ak *Ekstrèm Oryan* reflete
- (1) distans ki separe nasyon yo avèk Mecca
 - (2) Fason Ewopeyen yo konsidere lemonn
 - (3) Pwendvi Japonè yo sou Azi
 - (4) kote Azi Sidwès ye pa rapò ak Afrik Dinò
- 14 • Entwodiksyon poud kanon te ede mete fen nan feyodalis.
• Laprès enprimri te jwe yon wòl enpòtan nan Refòmasyon.
- Deklarasyon sa yo pi byen reflete ide ke
- (1) chanjman nan anviwonman an ka afekte lasosyete imèn
 - (2) kontak avèk lòt sosyete ka mennen konfli ak lagè
 - (3) chanjman ekonomik ka lan epi yo ka prèske pa remake li
 - (4) pwogrè teknolojik ka pote kokennchenn chanjman
- 15 Martin Luther prensipalman pa t satisfè avèk Legliz Katolik Womèn lan paske li
- (1) te panse legliz la te manke lòd e disiplin
 - (2) pa t dakò avèk vann padon pou peche
 - (3) te blame legliz la paske l pa t geri moun ki te gen maladi epidemik
 - (4) te kwè wa yo dwe gen plis pouvwa pou nonmen klèje a
- 16 • Te domine Lanmè Mediterane oryantal la (1500 yo)
- Te konkeri Ejipt ak Siri (1517)
 - Te asyeje Vyèn (1529)
- Ki anpi ki pi asosye avèk evènman sa yo?
- (1) Anpi Ottoman
 - (2) Anpi Espanyòl
 - (3) Anpi Pès
 - (4) Anpi Ris
- 17 Yon kokennchenn pwogrè nan domèn agrikilti Enka yo se te
- (1) domestikasyon betay
 - (2) itilizasyon laboure an asye
 - (3) menaje tè montay yo pou agrikilti
 - (4) devlopman jaden flotan
- 18 Ki efè enpòtan echanj Kolonbyen an te pwodwi?
- (1) Aztec yo te konkeri yon anpi ki gran e laj.
 - (2) Yo te vin entwodwi pòm detè nan rejim Ewopeyen yo.
 - (3) Prens Henry Navigatè a te etabli yon lekòl pou maren yo.
 - (4) Lachin te fèmen fontyè l yo pou etranje pa rantre.
- 19 Ki rezilta dirèk komès van esklav tranzatlantik la te genyen sou kilti Afriken yo?
- (1) Anpil kominote Afriken te fè fas a dezaz ekonomik.
 - (2) Yo te etabli faktori endistriyèl Ewopeyen toupatou ann Afrik.
 - (3) Yo pa t pratike Animis ann Afrik ankò.
 - (4) Afriken sou tout kontinan an te anplwaye Ewopeyen pou fòme lame yo.

- 20 Selon politik mèkantilis Ewopeyen an, koloni yo dwe
- (1) benefisyè manman peyi a
 - (2) fè komès ouvèman avèk diferan peyi
 - (3) pou kite yo an repo pou yo jere pwòp zafè yo
 - (4) eseye pou yo gen endepandans yo lepli vit posib
- 21 Louis XIV ak Peter Legran te ka plis dakò avèk ekspresyon
- (1) “gouvènman dwe kite konpayi yo an repo”
 - (2) “peyi yo dwe regle pwoblèm yo san yo pa fè lagè”
 - (3) “piga kesyone otorite gouvènman an”
 - (4) “tout moun kreye avèk dwa natirèl”
- 22 Ki yon efè Revolisyon Fransè a te pwodwi?
- (1) Diferans ant gwoup etnik yo te elimine.
 - (2) Kominis te vin popilè.
 - (3) Yo te dekouraje militaris.
 - (4) Sa te ajite santiman nasyonalis.
- 23 Nan *Manifest Kominis*, Karl Marx ak Friedrich Engels te ekspriye lide ki fè konnen
- (1) relijyon dwe faktè ki pi enpòtan nan la sosyete
 - (2) se richès yon moun ki dwe detèmine pouvwa li genyen
 - (3) se travayè yo ki dwe jwenn benefis travay la fè
 - (4) òf ak demann dwe kontwole pri yo
- 24 Adam Smith te ka plis dakò ak ki deklarasyon?
- (1) Revolisyon se sèl solisyon pou pwoblèm ekonomik.
 - (2) Plan senkan yo nesèsè pou ka endistriyalize.
 - (3) Tout peyi ta va benefisyè de yon ekonomi ki baze sou agrikilti.
 - (4) Gouvènman ta dwe swiv yon politik lese ale.
- 25 Ki rejyon ki te pi afekte akòz desizyon yo te pran nan Konferans Bèlen ane 1884 la?
- | | |
|------------------|----------------|
| (1) Amerik Latin | (3) Azi de Lès |
| (2) Azi Disid | (4) Afrik |

Sèvi avèk lirik chanson 19èm syèk la epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 26 la.

... Ki sa pòv Ilann te fè, manman, —
Ki sa pòv Ilann te fè,

Lemonn ap gade, epi li wè n ap mouri grangou,
N ap peri youn pa youn?

Èske mesye Angletè yo pa gen ankenn sousi,
manman, — Gwo mesye yo ak chèf yo, —

Pou soufrans pitit gason zil Erin,
Kit yo viv kit yo mouri? . . .

— A. M. Edmond,
“*Ban mwen twa grenn mayi, manman*”

26 Ki evènman ki asosye pi plis avèk kondisyon ki dekri nan lirik sa yo?

- (1) lagè sivil
- (2) grangou
- (3) Revolisyon Gloryez
- (4) endepandans de Grann Bretay

27 Yon fason Rebelyon Sepoy ann Ind ou a Lend ak Rebelyon Boxer nan Lachin sanble sèke toulè de te eseye

- (1) retire enfluyans etranje
- (2) restore demokrasi
- (3) modènize ekonomi yo
- (4) mete fen nan konfli relijye

28 Lagè Opyòm yo nan mitan 19èm syèk la te make kòmansman

- (1) konpetisyon ant Lachin ak Taywann
- (2) dominasyon pouvwa etranje genyen sou Lachin
- (3) deklèn enfluyans Ewopeyen ann Azi de Lès
- (4) efò global pou konbat itilizasyon dwòg

29 Rezon prensipal ki fè Lafrans ak Japon te enterese pou kontwole kèk pati Endochin nan 20èm syèk la se te pou

- (1) domine Oseyan Endyen an
- (2) jwenn resous natirèl ki gen anpil valè
- (3) mete fren nan pwopagasyon kominis
- (4) anpeche kolonizasyon Espanyòl

Sèvi avèk kat jeyografik ki anba epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 30 lan.



1914



1930

Sous: *The New York Times on the Web* (adapte)

30 Selon enfòmasyon ki sou kat sa yo, chanjman nan eta Balkan yo ant 1914 ak 1930 se yon rezilta

- (1) Lafen Premye Gè Mondyal ak trete 1919-1920 yo
- (2) wòl Legliz Katolik te jwe pou anpeche Islam pran pye
- (3) konpetisyon ekonomik ak devlopman nouvo mache kapitalis
- (4) deplasman moun te fè pou chape anba tranblemanntè ak sechrès

31 Ki dirijan ki asosye pi pre avèk leve kanpe fachis ann Itali anvan Dezyèm Gè Mondyal la?

- (1) Ho Chi Minh
- (2) Winston Churchill
- (3) Mao Zedong
- (4) Benito Mussolini

32 Politik gouvènman Sid Afriken an nan zafè separasyon rasyal ant 1948 ak 1994 te rele

- (1) Pan-Afrikanis
- (2) demokratizasyon
- (3) apated
- (4) sifraj

33 Revolisyon Iranyen nan ane 1979 lan te vin pèmèt etablisman

- (1) yon demokrasi sekilè alamòd lwès
- (2) yon monachi konstitisyonèl
- (3) yon diktati militè
- (4) yon eta Islamik


34 Mikhail Gorbachev te kontribye nan tonbe kominis nan Inyon Sovyetik ak Lewòp de Lès lè

- (1) li entwodwi politik perestwoyika ak glasnòs
- (2) li vyole akò sou zam nikleyè yo
- (3) li anvayi Afganistan
- (4) li siyen Akò Camp David yo

35 Ki gwoup peyi kote pifò lajan yo se nan vant petwòl yo fè l'?

- (1) Lachin, Kore, Jòdani
- (2) Tiki, Brezil, Liban
- (3) Ajantin, Malezi, Chili
- (4) Arabi Sawoudit, Nijerya, Venezyela

Sèvi ak kat jeyografik ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 36 ak 37 yo.



Sous: Colin McEvedy, *The New Penguin Atlas of Recent History: Europe Since 1815*, Penguin Books (adapte)

- 36 An 1968, zòn ki te gen etikèt Estonyen SSR, Byelorisyen SSR, ak Mòldav SSR te refere a
- (1) repiblik ki te fè pati Inyon Sovyetik
 - (2) manm Pisans Santral yo
 - (3) nasyon endepandan Ewòp de Lès yo
 - (4) manm Òganizasyon Peyi Ekspòtatè Petwòl (OPEC)

- 37 An 1968, pati ki alès fwontyè ki trase an nwa fonsè a te enkli manm nan
- (1) Alyans Triple a
 - (2) Pak Vasovi
 - (3) Inyon Ewopeyen (EU)
 - (4) Òganizasyon Trete Atlantik Nò a (OTAN /NATO)

Sèvi ak desen ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 38 la.



Reyinyon an pral Kòmanse Kounye a

Sous: D. R. Fitzpatrick, *St. Louis Post-Dispatch* (adapte)

38 Ide prensipal desen ane 1949 sa a sèke Nasyonzini tap

- (1) travay pou rezoud pwoblèm polisyon
- (2) rankontre sèlman lè kriz pete nan lemonn
- (3) sèvi kòm yon pon ant peyi grand puisans yo
- (4) anpeche Lagè Fwad

39 Ki deklarasyon konsènan Revolisyon Vèt la ki pi egzat?

- (1) Li redwi kantite politan chimik ki nan anvivonman an.
- (2) Li ogmante pwodiksyon manje nan anpil peyi kap devlope.
- (3) Li redwi depans sou konbistib fosil.
- (4) Li te eseye mete fen nan gouvènman kolonyal.

40 Ki pwoblèm presyon demografik ak itilizasyon ekseksif tè a koze nan zòn savann yo ann Afrik?

- (1) destriksyon forè twopikal yo
- (2) dezètifikasyon
- (3) polisyon lè a
- (4) inondasyon

41 Yon fason Paks Womana a ak Paks Mongoli a sanble sèke toulè de te karakterize pa

- (1) estabilite politik
- (2) inifikasyon enstitisyon relijye
- (3) fòm gouvènman reprezantatif
- (4) egalite sosyal pou gason ak fanm

42 Lwa Douz Tab yo se te lwa ekri de

- (1) Babilòn ansyen
- (2) Anpi Morya
- (3) Anpi Britanik
- (4) Wòm ansyen

43 Ki peryòd nan istwa Ewopeyen ki asosye pi pre avèk ekspozisyon komès kap evolye, fondasyon kòporasyon, ak kreyasyon Lig Anseyatik la?

- (1) Syèk Periklès
- (2) Revolisyon Komèsyal
- (3) Laj Rezon
- (4) Revolisyon Gloryez

44 Yon fason *Magna Carta Anglè a* (1215), *Deklarasyon Dwa de Lòm ak Sitwayen Fransè a* (1789), ak Konstitisyon Japonè a (1947) sanble sèke tout dokiman sa yo


- (1) te limite pouvwa monak la
- (2) te pèmèt sifraj inivèsèl
- (3) te kreye teyokrasi
- (4) te egalize taks

45 Yon fason Anperè Meiji ak Atatürk sanble sèke toulè de te ankouraje

- (1) izolman ak nasyonalis
- (2) kapitalis ak demokrasi
- (3) revolisyon ak absolisit
- (4) refòm ak modènizasyon

- 46 Ibanizasyon nan devlopman nasyon yo jodi a sanble ak ibanizasyon ann Angletè o 19èm syèk paske nan toulè de ka yo
- (1) anpil moun te demenaje al nan zòn rural
 - (2) gouvènman yo te devlope politik migrasyon fòse
 - (3) lyen ant fanmi lwen yo te ogmante
 - (4) anpil ouvriye agrikòl te ale nan vil yo pou chèche travay

Sèvi ak grafik òganize ki anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 47 la.



- 47 Ki tit ki pi byen konplete grafik òganize sa a?
- (1) Saddam Hussein ak Lagè Gòlf Pèsik la
 - (2) Sun Yixian (Sun Yat-sen) ak Defèt Dinasti Manchu a
 - (3) Joseph Stalin ak Monte yon Eta Totalitè
 - (4) Jawaharlal Nehru ak Eta Endistriyèl Modèn peyi Lend

- 48 Anvan septanm 1939, repons Ewopeyen yo te bay pou aksyon Hitler yo te enkli
- (1) swiv yon politik apèzman
 - (2) bloke kot Almay la
 - (3) fòse Almay siyen Trete Vèsay la
 - (4) kreye alyans nan Règ Fondamantal (Chat) Nasyonzini an

- 49 **“Zar demisyone! Gouvènman Pwovizwa Fòmè” “Yo Pwomèt Peyizan yo “Lapè, Tè, ak Pen” “Wouj ak Blan Batay nan Lagè Sivil Sanginè”**

Ki revolisyon gran tit yo te vize sou li?

- | | |
|--------------|------------|
| (1) Meksiken | (3) Chinwa |
| (2) Ris | (4) Kiben |

Sèvi ak pasaj ki site anba a epi ak konesans ou nan syans sosyal pou reponn kesyon 50 lan.

... Sèl kote ou te ka fè se monte. Kidonk, le 26 jen 1948, yo te anplwaye avyon ki te sot toupatou nan lemond pou kòmanse lyezon ayeryèn pou transpòte manje ak founiti ki te nesèsè pou Bèlinwa yo. Mesye Sovyetik yo te eseye menase avyon Alye yo. Yon avyon Sovyetik, pandan l t ap eseye menase blokaj la, te tire sou yon avyon Britanik pandan l t ap eseye ateri nan Bèlen. Toulè de avyon yo te kraze, tout moun ki te ladan yo te mouri. Men lyezon ayeryèn lan te kontinye. . . .

Sous : Doris M. Epler, *The Berlin Wall*, The Millbrook Press

- 50 Evènman ki dekri nan pasaj sa a te rive pa lontan aprè
- (1) Premyè Gè Mondyal
 - (2) Dezyèm Gè Mondyal
 - (3) Lagè Kore a
 - (4) Lagè Sis Jou a

Repons kesyon disètasyon an dwe ekri nan ti liv disètasyon apa a.

Nan devlopman repons ou pou Pati II a, asire ou panse ak definisyon jeneral sa yo:

- (a) **eksplike** vle di “rann li senp oswa konpreyansib; pou bay rezon pou lakèl oswa sa ki lakoz; pou montre devlopman lojik oswa relasyon avèk”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezònman, ak diskisyon; prezante ak kèk detay”

Pati II

KESYON REDAKSYON TEMATIK

Eksplikasyon: Ekri yon disètasyon byen òganize ki genyen ladan l yon entwodiksyon, plizyè paragaf ki pale de sa w gen pou fè anba a, ak yon konklizyon.

Tèm: Jeyografi

Faktè jeyografik te afekte devlopman kèk nasyon ak rejyon. Faktè sa yo te ankouraje oswa anpeche difizyon kiltirèl.

Sa pou fè:

Chwazi **de** diferan faktè jeyografik epi pou **chak**

- Eksplike fason faktè jeyografik la te afekte devlopman yon nasyon/rejyon espesifik
- Diskite sou fason faktè jeyografik sa a te ankouraje **oswa** anpeche difizyon kiltirèl

Ou ka itilize nenpòt faktè jeyografik apati etid ou fè sou istwa global. Kèk sijesyon ou ka vle konsidere enkli dezè, rivyè, montay, plèn, zil, litoral iregilye, detwa, klima ak lokasyon.

Ou pa limite a sijesyon sa yo sèlman.

Ou pa dwe ekri konsènan faktè jeyografik Ozetazini nan repons ou an.

Gid:

Nan disètasyon ou a, asire w pou:

- Devlope tout aspè sou travay la
- Sipòte tèm nan ak reyalite, ekzanp, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon ki lojik e ki klè, ki gen yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

Pati III

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a baze sou dokiman yo ki mache avèk li yo. Kesyon an la pou teste abilite w pou travay ak dokiman istorik. Kèk nan dokiman sa yo te revize pou kesyon sa a menm. Pandan w ap analize dokiman yo, panse ak sous chak dokiman epi nenpòt opinyon ki te kapab prezante nan dokiman an.

Kontèks Istorik:

Atravè listwa, gen kèk moun ki te pote kokennchenn kontribisyon nan lemonn. Reyalizasyon yo te gen yon efè sou istwa global. Twa nan moun sa yo se **Leonardo da Vinci**, **Toussaint L'Ouverture**, ak **Mohandas Gandhi**.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon nan dokiman yo epi ak konesans ou nan istwa global, reponn kesyon apre chak dokiman nan Pati A a. Repons ou pou kesyon yo ap ede w ekri redaksyon Pati B a, kote y ap mande w pou

Chwazi **de** moun yo te mansyone nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Dekri yon gwo pwojè moun sa a te reyalize
- Dekri yon kokennchenn reyalizasyon moun sa a
- Diskite efè reyalizasyon sa a genyen sou istwa global

Nan devlopman repons ou yo pou Pati III a, asire pou panse a definisyon jeneral sa yo:

- (a) **dekri** vle di “pou montre yon bagay ak mo oubyen pale de li”
- (b) **diskite** vle di “fè obsèvasyon sou yon bagay sèvi ak reyalite, rezònman, ak deba; prezante ak kèk detay”

Pati A

Kesyon ak Repons Kout

Eksplikasyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ak repons kout yo ki swiv chak dokiman nan espas yo ba ou a.

Dokiman 1

. . . O Mwayen Aj lè w bay lòm lwanj se te tankou ou bay Bondye lwanj, paske lòm se te kreyasyon Bondye. Men ekriyen Renesans yo te fè lwanj pou lòm kòm yon kreyatè. Yo te minimize eta peche li epi yo te ensiste sou kapasite l pou l panse epi aji pou tèt li, pou l pwodwi zèv da, pou l gide desten lòt moun. Yo te libere lòm nan kote l te bloke nan yerachi medyeval la, a mwaye wout ant matyè ak lespri, epi yo te pèmèt li fè deplasman volontèman, atravè tout nivo egzistans li, pafwa li idantifye tèt li avèk sovaj yo, pafwa avèk zanj yo. Yo te wè l kòm dirijan lanati — seyè a, byenke se pa Seyè kreyasyon an.

Nouvo vizyon sa a sou lòm te vin parèt difèt ke li te vin pi konsyan de tèt li. Mesye nan epòk medyeval yo te preyokipe nan poze tèt yo anpil kesyon, men mesye Renesans yo te pi enterese nan eksplòre, e anfèt mache fè wè, pwòp pèsonalite yo. Petrarch se yon egzanp pafè. Byenke enterè l te plis santre sou travay li nan dekouvri epi korije ansyen tèks, Petrarch te enterese tou nan tèt li. Nan lèt li yo, ki te ekri pou posterite [fiti jenerasyon yo] ansanm ak zanmi l yo, li te kite yon dosye sou reyaksyon l sou lanmou ak lamitye pou montay yo ak flè li nan jaden l yo. Yo se yon oto-pòtrè entelektyèl ak emosyonèl, premye depi lantikite [tan ansyen]. . . .

Sous: John R. Hale, *Great Ages of Man: A History of the World's Cultures: Renaissance Time-Life*, 1965


- 1 Nan ki fason vizyon lòm sou lemond te chanje ant peryòd medyeval Ewopeyen an ak peryòd Renesans lan selon John R. Hale? [1]

Score

Dokiman 2

Leonardo da Vinci te etidye anatomi kò imen an pandan l te yon apranti ki t ap travay avèk Andrea del Verrocchio. Pou l te aprann konsènan kò moun, li te ouvri epi etidye kadav. Da Vinci te enterese nan estrikti ak fonksyon diferan pati kò imen an. Desen l yo reflète sa li te aprann pandan l t ap etidye.

Nòt: Leonardo da Vinci te anrejistre enfòmasyon nan kaye → li yo lè l ekri devan dèyè.



Sous: David Reuteler's website, "The Drawings of Leonardo Da Vinci"

2 Selon dokiman sa a site *youn* nan kontribisyon Leonardo da Vinci te fè pou lasyans. [1]

Score

Dokiman 3

. . . Se te tankou yon atis Leonardo te eseye fizyon anatomi ak syans medikal pa entèmedyè [syantis la] della Torre. Efò sa a limenm se te yon gran akonplisman nan premye kòmansman etid anatomi modès yo nan travay [zèv] Pollaiuolo ak Verrocchio. Renesans anatomi pa t ap ka janm rive san tout tan repiyan sa yo li te pase nan avanti pou diske epi desine malad yo. San elan atistik pou konesans sa a pwofesè medikal yo ki anseye anatomi k ap babye [pale] reflesyon yo [panse] apati yon tèks Galenik altere [liv medikal ekri pa Galen], pa t ap janm jwenn yon fason pou anrejistre erè anatomik Galenik yo, alewè pou ta korije yo. . . .

Sous: Kenneth D. Keele, "Leonardo daVinci's Influence on Renaissance Anatomy,"
Medical History, October 1964

3 Ki **de** enpak travay Leonardo da Vinci yo genyen dapre Kenneth Keele ? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 4

Revòlt sou Zile Sendomeng (jodi a Ayiti), 1791

. . . Premye grenn endepandans yo te simen pami premye sòlda afranchi yo gouvènè blan Fransè yo te voye pou batay kont Anglè yo nan Lagè Endepandans Amerikèn nan, kote yo te ekspoze a ide anti-kolonyalis. Pita, ide libète, egalite ak fratènite Revolisyon Fransè a, te enspire yon mouvman endepandans pami minorite kolon blan yo ak yon gwo melanj afranchi ki dechire nan domèn sosyo-ekonomik. Lè popilasyon blan an te defye yon lòd ki te sot Lafrans pou afranchi [bay dwa a] nwa yo, sa te deklannche yon revòlt vyolan ki te enplike chanjman nan alyans pami afranchi yo ak yon gran popilasyon esklav. Aprè pwomilgasyon [anons] yon konstitisyon an 1801 epi simonte yon fòs militè Napoleyon (Premye Konsil, 1799–1804; Anperè, 1804–1814/1815) te voye, Ayiti te deklare endepandans li avèk siksè. Siksè li, ansam avèk siksè Lagè Endepandans Amerikèn nan, te enspire yon kantite lit anti-kolonyal atravè Amerik Latin. . . .

Sous: New York Public Library, *Russia Engages the World*, online exhibition (adapte)

4a Selon dokiman sa a, idantifye **yon** sitiyasyon ki te vin fè Ayiti deklare endepandans li nan men Lafrans. [1]

Score

b Idantifye **yon** enpak revòlt Ayisyen an te genyen sou istwa global jan sa deklare nan dokiman sa a. [1]

Score

Dokiman 5

Toussaint L'Ouverture te itilize lèt sa a pou rasanble nwa yo nan Sendomeng (Ayiti).

29 out 1793

Frè m ak zanmi m yo,

Mwen se Toussaint L'Ouverture, petèt nou konnen non mwen. Mwen te antreprann vanjans. Mwen vle pou libète ak egalite reye nan Sendomeng. Mwen travay pou fè yo vin egziste. Mete tèt nou ansanm, frè m yo, epi batay avèk nou pou menm kòz la, eksetera. . . .

Sous: C. L. R. James, *Lettres de Toussaint L'Ouverture, The Black Jacobins*, The Dial Press (adapte)

5 Selon lèt sa a ki sa Toussaint L'Ouverture te vle reyalize nan Sendomeng? [1]

Score

Dokiman 6

C. L. R. James te deklare siksè Revolisyon Ayisyèn nan se te prèske antyèman rezilta lidèchip Toussaint L'Ouverture.

. . . Travay Toussaint, Dessalines, Christophe, ak Pétion andire ann Ayiti [Haiti], men sa yo te fè a te rive lwen, byen lwen depase fontyè zil la. Revolisyon Ayisyèn nan te genyen yon enfliyans pwofon sou istwa diznevyèm syèk la. . . .

Jiska prezan aspè negatif la. Te gen lòt ki te pi pozitif. Ayiti te bay enpresyon epi li te sibvansyone [sipòte] premye revolisyon nasyonal nan Espanyòl Amerik. Lè koloni Espanyòl Ameriken yo te wè kouman yon ti kominote fèb te ka genyen epi kenbe libète li, yo te pran kouraj pou yo te konbat pou pwòp libète yo de enperyalis Ewopeyen an. Nan jou movè yo, Bolivar Liberatè a, malad epi an detrès, te jwenn akèy nan men Petion, ki te ba l swen pou l jwenn gerizon ak kouraj pou l te dirije nasyon ki t ap lite yo kont Lespay. Li te echwe epi li te retounen ann Ayiti. Yon fwa ankò yo te vin zanmi l. Pétion te ba l zam, aminisyon, moun, lajan ak materyèl enprimri, kidonk, fòtifye li kite Ayiti pou l kòmanse kanpay ki te pèmèt liberasyon Senk Eta yo. Pétion pa t mande anyen an retou eksepte liberason esklav yo. . . .

Sous: C. L. R. James, *The Black Jacobins*, The Dial Press

6 Selon C. L. R. James, nan ki **de** fason travay Toussaint L'Ouverture ak siksès l yo te enfliyanse istwa global? [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 7

Sa se yon ekstrè nan yon pwomès Indian National Congress (INC) la te fè le 26 janvyè 1930. Li te ankouraje manm INC yo ak nasyonalis Endyen yo pou yo travay pou jwenn endepandans yo.

. . . Nou kwè sa se dwa distenk epi pèmanan pèp Endyen an, tankou nenpòt lòt pèp, pou yo genyen libète epi pou yo jwi fwi travay yo epi pou yo genyen sa ki nesèsè nan lavi, konsa yo ka genyen tout opòtinite pou kwasans. . . .

Ekonomikman End te depafini. Revni ki soti nan men pèp la pa pwopòsyonèl a revni pa nou. Salè nou an mwayèn se sèt peni (mwens pase de peni) pa jou, epi nan gwo taks nou peye yo, yo prelve 20 pousan sou revni tè ki soti nan men peyizan yo epi 3 pousan nan taks sèl, ki tonbe plis sou do moun ki pòv yo.

Endistri ki nan vilaj la, tankou filaj alamen, te detwi, epi sa te kite peyizan yo an chomaj pandan omwen kat mwa nan ane a, epi angoudi entèlijans yo pou yo vle atizana, epi pa t gen anyen pou ranplase atizana ki pèdi a, jan yo fè sa nan lòt peyi.

Yo te sitèlman manipile dwann ak monnen an konsa yo te ka anpile plis chaj sou peyizan yo. Machandiz Anglè yo te fabrike se te pifò nan enpòtasyon nou yo. Taks yo te enpoze nan dwann te klèman montre patipri pou pwodwi yo fabrike ann Angletè yo, epi yo pa t sèvi ak taks yo retire yo pou redwi chaj la pou mas pèp la men pou soutni yon administrasyon ki te ekstrèmman ekstravagan. Desizyon yo te konn toujou pran se te manipulasyon to echanj ki te vin dèmilyon dola ap soti nan peyi a. . . .

Sous: Jawaharlal Nehru, *Jawaharlal Nehru: An Autobiography* John Lane the Bodley Head, 1939

7 Di **de** fason Anglè yo te depafini ekonomi End lan selon ekstrè pwomès sa a Nehru te itilize a. [2]

(1) _____

Score

(2) _____

Score

Dokiman 8

Se Mohandas Gandhi ki te ekri pasaj sa a pou eksplike fason End ka vin lib.

. . . EDITÈ: Rezistans pasiv se yon metòd soufrans pèsònèl pou jwenn kèk dwa; se kontrè rezistans avèk zam. Lè m refize fè yon bagay ki repiyan [ofansif] a konsyans mwen, mwen itilize non-vyolans. Pa egzanp, Gouvènman jounen an te pase yon lwa ki aplikab a mwenmenm. Mwen pa renmen l. Si lè m itilize vyolans mwen fòse Gouvènman an pou l revoke lwa a, m ap anplwaye sa yo ka rele fòs fizik. Si mwen pa obeyi lwa a epi mwen aksepte pinisyon pou vyolasyon li, mwen itilize non-vyolans. Sa mande pou fè sakrifis tèt pa w.

Tout moun admèt sakrifis tèt ou pi siperyè anpil pase sakrifye lòt moun. Anplis, si ou itilize kalite fòs sa a pou yon kòz ki pa jis, se sèlman moun k ap itilize l la ki souffri. Li pa fè lòt moun souffri pou erè li. Lèzòm te fè anpil bagay yo te vin reyalize ki te mal pita. Pèsòn paka pretann li absoliman kòrèk oswa yon bagay an patikilye mal paske se sa li panse, men li mal pou li depi se jijman pa li. Pakonsekan li bon [apwopriye] pou l pa fè sa li konnen ki mal la, epi souffri konsekans lan, kèlkanswa sa li ye a. Sa se kle pou itilizasyon non-vyolans. . .

Sous: M. K. Gandhi, *Hind Swaraj or Indian Home Rule*, Navajivan Publishing House, 1946

8 Selon dokiman sa a ki kontribisyon Mohandas Gandhi te fè nan mouvman endepandans Endyen an? [1]

Score

Dokiman 9

. . . Kanpay pou refòme lwa diskrimatwa yo atravè aksyon non-vyolan—tankou mouvman dwa sivil yo Ozetazini—se yon egzanp sou fason dwa sivil te avanse gras a itilizasyon aksyon non-vyolan. Pi enpòtan ankò, sepandan, sa ki te pi remakab se leve kanpe [monte] nan manifestasyon [soulèvman] non-vyolan kont rejim otorite yo. Anpil nan revòlt endividyèl sa yo te jwenn anpil atansyon nan medya yo—tankou sa yo ki an Chin, nan Filipin ak Ewop de Lès—epi yo te analize kèk konsekans politik mouvman ki lajman pou lademokrasi sa yo. Sepandan, yo pa tèlman rekonèt siyifikasyon ogmantasyon nan itilizasyon metòd non-vyolan pou afekte chanjman nan peyi kote yo te konsidere lagè patizan pa anba oswa refòm ki fèt gradyèlman ki sot anwo kòm sèl altènatif. Malgre pwopagann yo fè pou non-vyolans kòm manèv konsyan atravè kèk mouvman nan lemonn nan deseni resan yo, yo pa konprann anpil bagay sou fason oswa rezon ki fè non-vyolans ka fonksyone kòm yon teknik pou ka gen chanjman sosyal. “Non-vyolans” se pa menm yon kategori nan leksik akademik [vokabilè] modèn lan. . . .

Sous: Stephen Zunes, “Nonviolent Action and Human Rights,” *Political Science and Politics*, American Political Science Association, June 2000

9 Selon Stephen Zunes, ki enpak itilizasyon aksyon non-vyolan te genyen sou istwa global? [1]

Score

Pati B

Disètasyon

Eksplikasyon: Ekri yon disètasyon ki byen òganize ki genyen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, epi yon konklizyon. Itilize prèv ki soti *nan pi piti kat* dokiman nan devlopman disètasyon w lan. Kore repons ou ak reyalite, egzanp, ak detay enpòtan. Mete enfòmasyon anplis ki sòti lòt kote.

Kontèks Istorik:

Atravè listwa, gen kèk moun ki te pote kokennchenn kontribisyon nan lemonn. Reyalizasyon yo te genyen yon efè sou istwa global. Twa nan moun sa yo se **Leonardo da Vinci**, **Toussaint L'Ouverture**, ak **Mohandas Gandhi**.

Sa pou fè: Sèvi ak enfòmasyon nan dokiman an epi ak konesans ou nan istwa global, ekri yon disètasyon kote ou

Chwazi **de** moun ki mansyone nan kontèks istorik la epi pou **chak**

- Dekri peryòd istorik moun nan te viv ladan l lan
- Dekri yon kokennchenn reyalizasyon moun sa a
- Diskite sou efè reyalizasyon sa a genyen sou istwa global

Gid:

Nan disètasyon ou a, asire w pou:

- Devlope tout aspè sa yo mande w fè a
- Mete ladan l enfòmasyon ki sòti pou *pi piti nan kat* dokiman
- Mete ladan l lòt enfòmasyon enpòtan
- Sipòte tèm nan ak reyalite, egzanp, ak detay ki enpòtan
- Itilize yon plan òganizasyon lojik ki klè; ki gen ladan l yon entwodiksyon ak yon konklizyon ki pa yon repetisyon tèm nan

The University of the State of New York

REGENTS HIGH SCHOOL EXAMINATION

**ISTWA JENERAL
AK JEYOGRAFI**

Vandredi, 30 janvyè, 2009 — 9:15 a.m. a 12:15 p.m., sèlman

FÈY REPONS

Non Elèv la Sèks: Gason
 Non Pwofesè la Fi
 Non Lekòl la

Ekri repon ou yo pou Premye Pati a nan paj repons sa a, ekri repons ou yo pou Pati III A a nan liv egzamen an, epi ekri repons ou yo pou Pati II ak III B nan lòt tiliv redaksyon apa a.

Part I

- 1..... 26.....
- 2..... 27.....
- 3..... 28.....
- 4..... 29.....
- 5..... 30.....
- 6..... 31.....
- 7..... 32.....
- 8..... 33.....
- 9..... 34.....
- 10..... 35.....
- 11..... 36.....
- 12..... 37.....
- 13..... 38.....
- 14..... 39.....
- 15..... 40.....
- 16..... 41.....
- 17..... 42.....
- 18..... 43.....
- 19..... 44.....
- 20..... 45.....
- 21..... 46.....
- 22..... 47.....
- 23..... 48.....
- 24..... 49.....
- 25..... 50.....

FOR TEACHER USE ONLY	
Part I Score	_____
Part III A Score	_____
Total Part I and III A Score	<div style="border: 1px solid black; width: 80px; height: 25px; margin: 0 auto;"></div>
Part II Essay Score	_____
Part III B Essay Score	_____
Total Essay Score	<div style="border: 1px solid black; width: 80px; height: 25px; margin: 0 auto;"></div>
Final Score (obtained from conversion chart)	<div style="border: 1px solid black; width: 80px; height: 25px; margin: 0 auto;"></div>

No. Right

Fò w siyen deklarasyon anba a lè ou fin pran egzamen an.

Mwen konfime, nan fen egzamen sa a, mwen pa te wè okenn kesyon nan egzamen sa a epi mwen pa te okouran okenn repons nan egzamen sa a anvan jou egzamen an yon fason ki ilegal. Epi tou mwen pa ni bay ni m pat resevwa okenn poul pandan m ap pran egzamen an.

